**РЕЗЮМЕ.** В статье говорится о фольклоре, фольклорных жанрах, поэтических особенностях фольклорного искусства. Изучены научные исследования каракалпакского фольклора, мнения ученых о фольклоре и изложена взаимосвязь.

**SUMMARY.** The article talks about folklore, folklore genres, poetic features of folklore artwork. The scientific research of Karakalpak folklore, the opinions of scientists about folklore are studied and the relationship is reported.

# МИЛЛИЙ САЗ ӘСБАПЛАРЫН ОҚЫТЫЎДА ЖАҢА ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ТЕХНОЛОГИЯЛАР

**М.Дәўлетмуратова** – *оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** акустика, бадиий ижодкорлик, халқ ҳавоскорлар жамоатлари, мусиқа, педагогика, методлар.

**Ключевые слова:** акустика, художественное творчество, народные авиационные коллективы, музыка, педагогика, методика.

**Key words:** acoustics, artistic creativity, folk air groups, music, pedagogy, methods.

Педагогикалық технология ағымы дерлик барлық раўажланған мәмлекетлерге тез тарқалды. ЮНЕСКО сыяқлы тараўлар тәрепинен тән алынды ҳәм ҳәзирги заман талабына сай көплеген мәмлекетлерде жоқары дәрежеде өзлестирилип қолланылмақта. Республикамыздың педагог ҳәм әмелиятшылары илимге тийкарланған ҳалда Өзбекстанның педагогикалық шәраятына тийкарланған тәлим технологиялары ҳәм оларды тәлим-тәрбия әмелиятында қолланыўға тырысып атыр. Тәлим технологияларын оқыў барысына енгизиўдиң тийкарғы шәртлери төмендегилерден ибарат.

1. «Кадрлар таярлаў миллий дәстүри» мақсети ҳәм ўазыйпаларын жүзеге шығарыў зәрүрлиги.
2. Тәлим-тәрбия барысында тәлим бериўдиң ҳәм тәлим алыўшы ролин өзгертиў зәрүрлиги.
3. Пән техника тараўының жүдә раўажланғанлығы нәтийжесинде ахбороттардың кескин көбейип баратырғанлығы ҳәм оларды жасларға билдириў ушын ўақыттың шегараланғанлығы.

Мине, солай етип ҳәзирги тәлим бағдарында қолланып атырған жаңа педагогикалық оқытыўдың жаңа усыллары келип шықты. Сол усыллар қатарында «класстер», «киши топарларда ислеў», «сәўбет усылы», «Б-Б-Б», ҳәм «Пинборд» усылларын пайдаланып сабақ өтиў барысы менен танысамыз. Соның менен бирге теориялық сабақ өтиўде қолланылатуғын басқышлар төмендегилерден ибарат.

1. Қызықтырыў (Мотивация)
2. Тәкирарлаў
3. Таза теманы түсиндириў
4. Өзлестирилген билимлерди (сиңдириў) беккемлеў
5. Баҳалаў ҳәм үйге тапсырма бериў.

Бул избе-излик ушын ўақыт әдетте 80 минутқа мөлшерленген. Бунда теориялық сабақ өтиўдиң жоқарыда келтирилген басқышлары әмелге асырылыў лазым.

1-басқыш. Қызықтырыў. Бул басқышта оқыўшылар сабақта өтилетуғын тема бойынша ҳәр қыйлы сәўбетлесиўлер менен олардың дыққатын жәмлеп, тәлим алыўшылардың қызықтырыў имканиятын бериўимиз керек.

2-басқыш. Тәкирарлаў. Сабақларда жаңа мазмунды баслаўдан алдын өтилген темалар қысқаша улыўмаластырылған ҳалда тәкирарланыўы керек.

3-басқыш. Таза теманы түсиндириў. Оқытыўшы таза материалды түсиндиреди, қысқа лекциялар оқыйды, сораў-жуўаплар шөлкемлестириледи, ойын шынығыўлары ҳәм шешилиўи керек болған мәселелерди шешиў ҳаққында түсиник береди. Әдетте бул басқышта заманагөй тәлим әсбапларынан өнимли пайдаланыў керек. Бул оқыў барысын ҳәм теманы түсиндириўди жеңиллестиреди. «Акустика тийкарлары» пәнинде жаңа педагогикалық технологиядан пайдаланып сабақ өтиў усылын ен жайдырыў бул сабақ өз мақсетине жетиўи ушын үлкен әҳмийетке ийе. Даўысты, тәбийий жағдай сыпатында, жүдә ерте заманлардан бери үйренип келеди. Эрамыздан алдынғы IV әсир Греция дәўиринде Архив Тарентский «даўыс – бул Ҳаўа толқынлары» деген пикирди билдирген. Акустиканы үйрениўде Аристотель ҳәм Пифагорлардың жумыслары тийкар болған. Акустика бир неше түрлерге бөлинген болып, музыкалы акустикаға тийкар болатуғын

музыкалы әсбаплардың классификациясы темасының оқытылыў усылына жаңа педагогикалық технологиялардан пайдаланып сабақ өтсек, бундай сабақ өз мақсетине жетеди деген пикирдемиз. Сабақтың барысында сабақты шөлкемлестирип, өтилген тема менен таза теманы байланыстырып, оқыўшыларды киши еки топарға бөлемиз. Таза теманы «Класстер» усылында түсиндирип, технологиялық қураллардан, слайд материалларынан түсиндирип өтемиз.

Яғный, музыкалы әсбаплардың түрлери ҳәм классификациясы: Тарлы, Демли, Урма, Тилшели болып үлкен төрт топарға бөлинетуғынлығы ҳаққында айтылып өтеди ҳаáм ҳәр бир классификациясына характеристика берип өтиледи. Өтилген темадағы музыкалы әсбаплардың спектрлары, локациялар түрлери даўыс бәлентлиги, тембрлар ҳаққында қысқаша ядқа түсирип, таза тема менен байланыстырамыз. Саз әсбаплар арасында қарақалпақ миллий саз әсбаплары ҳаққында талаба жасларға айрықша түсиник берип өтиў мақсетке муўапық. Қарақалпақ миллий саз әсбаплары бир неше түрлерге бөлинеди, олар ала мойнақ дуўтар, гиржек, шын қобыз. Бул миллий саз әсбапларымыз өзиниң келип шығыў тарийхы, қол өнерментшилиги менен жасалыў усылы ҳәм миллий әсбапларымыздың бир неше әсирлерден усы күнге дейин жас әўладларымызға келип жетип мәдениятымыз раўажланыў жолында әҳмийетли орын ийелеп киятыр. Миллий саз әсбапларымыздың қол өнерментшилиги менен жасалыў усылында әсбапларға, миллийлигимиздиң белгиси болған миллий нағыслардың ойып түсирилип безетилиўи әсбаплардан шыққан сазлы намаларға қосымша илаҳий ырғақ қосылып, тамашагөйлерге илҳам заўық бағышлаўы сөзсиз. Талаба жасларға миллий саз әсбапларымызды жасап келген ҳәм тийкарын салыўшы устазлар ҳаққында, олардың өмир ҳәм мийнет жолындағы айрықша жетискенликлери менен айтып өтиў орынлы.

4-Басқыш. Сабақты беккемлегенимизде, оқыўшылардың таза темаға түсинигин анықлаў менен бир қатарда оларға жаңа усыллардан пайдаланып, қолланылатуғын усылдың орынланыў технологиясын оқыўшыларға түсиндирип өтемиз. Сабақты беккемлеў барысында еки киши топарға бөлинген оқыўшыларға А-3 форматындағы батман ҳәм маркерлер бериледи, ҳәм еки топарға карточкаларда сораўлар тақатылады.

Сабақты беккемлеў ушын сораўлар:

1-киши топар

1. Музыкалы әсбаплардың тийкарғы классификациясы ҳаққында түсинигиңиз.

2. Демли ҳәм перкуссия саз әсбаплары классификациясына қайсы саз әсбаплары киреди?

3. Тарлы ҳәм тилли саз әсбаплары класына киретуғын музыкалы әсбаплар қандай?

2-киши топар

1. Тарлы каман әсбаплары топарының акустикалық характеристикасын айтып бериң.

2. Урма саз әсбапларының акустикалық характеристикасын айтып бериң.

3. Клавишли саз әсбапларының акустикалық характеристикасын айтып бериң.

Киши топар оқыўшылары командасы менен ойласқан ҳалда батманларға өз түсинигин жазады, ҳәм бир оқыўшы призентация ислейди. Буннан кейин «Пинборд» (избе-излик деген мәнисти аңлатады) усылын пайдаланамыз. Бул усыл технологиясы төмендегише: Музыкалы әсбаплардың түрлерин карточкаларға жазып араластырып еки топарға таркатамыз ҳәм магнит доскасына музыкалы әсбаплардың классификациясы түрлерин избе-изликте доскаға қыстырып шығыўын тапсырма етемиз. Төменде көрсетилген таблица бағдарында бул усыл бойынша тәлим технологиясын орынлап, дурыс орынлаған оқыўшыларға баҳалаў карточкасы бериледи.

| Тарлы | Демли | Урма | Тилшели |
|---|---|---|---|
| Пианино | Кларнет | Барабан | Баян |
| Гитара | Фагот | Ксилофон | Демли гармон |
| Домбра | Валторна | Металлофон | Аккардеон |
| Скрипка | Тромбон | Тарелка | Ерин гармоны |
| Виоленчель | Саксафон | Кастайнет | Шын қобыз |
| Роял | Гобой | Литавра | |




5-Басқыш. Бахалаў ҳәм үйге тапсырма бериў. Бунда технологиялардың орынланыў барысында (оқыўшылардың орынлаған жумысларын) қадағалап оқыўшыларды баҳалап барамыз яғный баҳалаў критериясы менен таныстырамыз. Баҳалаў критериясында жуўап берген оқыўшыларға (бес жулдызша, төрт мүйешлилик, үш мүйешлилик формасындағы) карточкалар таярлап, оқыўшылардың берилген жуўапларына қарай беремиз. Оқыўшылар қолындағы карточкаларды қосып, келип шыққан санды карточкалар санына бөледи, яғный нәтийжеде баҳаларын билип отырады, төменирек баҳаға ийе болған оқыўшы, жоқары баҳа алыў ушын кейинги тапсырма яки сораўға жуўап бериўге ҳәрекет етеди. Мысалы: (3+4+5+5+4)=21:5=4,2 баҳасына ийе болады. Соның менен бирге нәтийжелерди топарларда ашық айдын ҳәм анықлық киргизип талықлаў лазым. Сабақ ақырында оқыўшылар еркин пикирлесиў ушын белгили ўақыт ажыратыў керек. Оқыўшылар тапсырмаларын орынлағанда кемшиликлерин айтыў, ҳәм көрсетпе бериў керек. Оқыўшылардың баҳаларын еситтирип талқы-лаў керек түсинбеген сораўларына жуўап беремиз. Усы тақылетте жоқарыдағы методлардан пайдаланып сабақ өтилсе, оқыўшыларды еркин пикирлеўге, шаққанлыққа, ҳәр тәреплеме излениўшиликке, өз үстинде көбирек излениўге алып келеди деп есаплаймыз.

Сабақты жуўмақлаўда үйге тапсырма түсиндирилип пайдаланатуғын әдебиятларды, интернет сайтларды жазып берип түсиндирип жиберемиз. Бул сабақта пайдаланған жаңа тәлим технологиялары сабақтың қызықлы ҳәм мазмунлы түсиндирмелилиги жоқары нәтийже береди. Соның менен бирге сабақты беккемлеўде оқыўшылардың таза темаға түсинигин еледе беккемлеп, киши топарларда өз-ара пикирлесип өз түсиниклерин айқын жеткерип, оқыўшылар сабаққа толығы менен қатнасады ҳәм көпшилик оқыўшылар айырым ҳалларда толығы менен баҳаланады. Бул тәлим технологиядағы усылларды пайдаланып сабақ өтиўден мақсет, теманың мазмунын оқыўшылар толығы менен түсинеди, ҳәм сабаққа оқыўшылар қызығыўшылығы оқыў-шылардың баҳаланыў нәтийжеси жоқары көрсеткишке ийе болады.

**Әдебиятлар**

1. Х.Рашидов, Х.Хабибов, Г.Юлдашова, А.Закиров Тошкент 2007-й. «Касбий педагогика» блокни ўқитиш методикаси. Ўқув услубий қўлланма.
2. «Таълим методларини ўқитиш бўйича қўлланма» Ўрта махсус, касб-ҳунар таълими тизими кадрлари малакасини ошириш ва уларни қайта таёрлаш институты Тошкент 2009 й.
3. «Художественная культура, искусство в аспекте теоритического осмишления» Ўқув қўлланма М.Хамидова, Н.Юсупова. Тошкент 2017 й.
4. А.В.Севашко «Пространственный слух» М. 1970 г.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада янги педагогик технология усулларидан пойдаланган ҳолда акустика асослари буйича назарий дарсларни ўтказиш усуллари кенг очиб берилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье широко раскрыты методы и прёмы спримерами, способы поведения теориятических уроков по основы акустики с использованиям методов новой педагогической технологии.

**SUMMARY.** In this article presents is a higt methods of teaching and gives exampls in the theoretical lessons in Basics of Acostics with the use of new pedagogical technologies.